

Kontra Evanjelizasyon Legliz Episkopal la

*Moun k ap selebre sèvis la: Èske ou ap pwoklame bon nouvèl Bondye a nan Kris la?
Asanble a: M ap fè sa, ak èd Bondye.*

Tout Episkopalyen ki batize te pwomèt pou yo pwoklame bon nouvèl Jezikri a ki montre nou renmen, ki libere nou, e ki bay lavi nan sa n ap di epi nan jan n ap viv. Gras ak pratik espirityèl nou jwenn nan evanjelizasyon an nou chache Jezikri, nou mansyone non Jezikri epi nou selebre prezans li nan istwa tout moun—epi nou envite tout moun vin dekouvri yon bagay anplis.² Pou ki sa epi kouman nou kapab viv pou nou respekte angajman sa a ?

Evanjelizasyon Legliz la

“Se pou ou renmen Mèt la, Bondye, ou ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tou lide ou. Se kòmann sa a ki pi gwo a epi ki pi konsekan...” - Mat 22:37-38

Ak èd Bondye, etan disip Jezikri, n ap fè sa...

- Se pou nou rekonèt pwòp renmen pa nou epi viv dapre renmen sa a kòm ptit Bondye
- Pran abitid li labib chak jou, priye chak jou, adore Bondye, epi patisiye nan sèvis yo chak jou
- Sonje kèk epòk nan lavi nou kote renmen Bondye te reyèl pou nou epi li te la nan lavi nou
- Rakonte pwòp istwa pa nou nan jan nou fè esperyans renmen Bondye pou nou

Lè Legliz la ap Evanjelize

“Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n a resevwa pouwva lè sa a, n a sèvi temwen nan Jerizalèm, nan tout Peyi Jide epi nan tout Peyi Samari, jouk nan dènye bout latè.” Travay Apot yo I: 8

Ak èd Bondye, epi etan moun k ap pote bon nouvèl Jezikri a, n ap fè sa...

- Envite moun rakonte nou istwa pa yo epi koute yo ak anpil atansyon
- Mansyone istwa nou yo epi selebre istwa n sou prezans Jezikri yo toupatou
- Pataje istwa sou rankont nou fè ak Jezikri, sou bon nouvèl la, epi sou rezirèksyon Jezikri
- Plante gress espwè, epi fè Bondye konfyans pou l fè yo donnen

Evanjelizasyon pou Legliz

“Se sa k fè, nou menm moun lòt nasyon yo nou pa etranje ankò, ni moun ki de pasaj. Men, se sitwayen nou ye ansanm ak tout moun nan pèp Bondye a, nou fè pati fanmi Bondye aSe li menm ki kenbe tout kò kay la kanpe byen fèm, ki fè l grandi pou l tounen yon sèl kay yo mete apa pou Bondye.” Efèz 2:19-21.

Ak èd Bondye, etan manm nan kò Kris la, n ap fè sa...

- Se pou nou kite novo relasyon transfòme nou
- Se pou nou chache dekouvri novo apwòch pou levanjil pandan n ap vin gen lòt pèspektif
- Ankouraje lòt moun pou yo chache wè jan Jezikri renmen yo
- Fè plis sèvitè pou Mouvman Jezikri a pou nou chanje lemonn

* * *

“Mwen resevwa tout pouwva nan syèl la ak sou tè a. Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Montre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.”

Matye 28:19-20.

¹ Yon tèks pou Komite Konsèy Egzekitif la soumett nan 79èm Konvansyon sou Misyon Lokal ak Ministè.

² Yon Deskripsyon “Evanjelizasyon Episkopal” Fòs Operasyonèl sou sèvi kòm levye pou Medya Sosyal ak evanjelizasyon te ekri ak Ekip Inisyativ Evanjelizasyon Episkopal la. Se yon tèks y ap soumett bay 79èm Konvansyon Jeneral la.